

17 novanm

Se pa tout moun k ap plede di m : Mèt, Mèt, ki pral antre nan peyi wa ki nan syèl la, men se sèlman moun ki fè volonte papa m ki nan syèl la.

Matye 7. 21

... Ou pa janm konnen Bondye ka ba yo yon chans pou yo chanje jan y ap viv la, pou yo konn verite a... pou l te fè yo fè sa li vle. 2 Timote 2. 25, 26

De pitit gason yo

Matye 21. 28-32

Reli parabol de pitit gason yo nan levanjil la : “yon nonm te gen 2 pitit gason ; li pale ak pi gran an, li di pitit mwen jodi a al travay nan jaden rezen an. Pitit la reponn, li di : non, mwen pa vle ! Men, pita li chanje lide, li ale. Aprea, papa pale ak pi piti a, li di l menm bagay la. Pi piti a reponn li : wi, papa. Men, li pa janm ale. Kilès nan de pitit sa yo ki te fè volonte papa a ? Yo reponn li, pi gran an. Lè sa a Jezi di yo : Sa m ap di nou la a, se vre wi : Pèseptè kontribisyon yo ak fanm movèz vi yo va antre nan peyi kote Bondye wa a anvan nou”... paske yo te kwè.

Menmjan Jezi fè nou konprann nan finisman parabol sa a, chèf relijyon nan epòk Kris la te renmen pwononse bèl pawòl, men kè yo pa t dwat devan Bondye, konsa yo pa te obeyi li. Poutan, gen anpil moun ki t ap fè sa k pa bon nan sosyete a, tankou chèf kontribisyon yo ak fanm movèz vi yo, te gen remò yo repanti de peche yo, konsa yo vin jwenn Kris pou yo ka resevwa padon devan Bondye pou peche yo.

Pasaj sa a adrese a nou menm tou jodi a. Bondye pap tann bèl pawòl soti nan bouch ak bèl rezolisyon, men l ap tann yon rega onèt sou lavi nou, fot nou yo, e endepandans nou vizavi Bondye. Konfesyon peche nou ak jijman nou pote sou eta nou kòm pechè, dwe kondui nou tounen vin jwenn Bondye pou n aksepte sali li ofri nou pa lafwa nan Jezi Kris. Se sa konvèsyon an ye.

Chak kretyen kapab twouve nan pasaj sa a tou yon rapèl pou yo k ap rete fidèl ak Senyè e Mèt yo, yo pa dwe ezite korije atitid yo si yo te nan move chemen.

17 novembre

Ce ne sont pas tous ceux qui me disent : Seigneur, Seigneur, qui entreront dans le royaume des cieux, mais celui qui fait la volonté de mon Père qui est dans les cieux.

Matthieu 7. 21

Dieu... leur donnera la repentance pour reconnaître la vérité, ... afin de faire sa volonté. 2 Timothée 2. 25, 26

Les deux fils

Matthieu 21. 28-32

Relisons dans l'évangile la parabole des deux fils : "Un homme avait deux enfants ; il s'approcha du premier et dit : Mon enfant, va aujourd'hui travailler dans ma vigne. Il répondit : Je ne veux pas. Mais plus tard, pris de remords, il y alla. S'approchant du second, il dit la même chose ; et celui-ci répondit : Moi j'y vais, seigneur. Et il n'y alla pas. Lequel des deux fit la volonté du père ? Ils lui disent : Le premier. Jésus leur dit : En vérité, je vous dis que les publicains et les prostituées vous devancent dans le royaume de Dieu". Car... ils ont cru.

Comme le laisse entendre Jésus à la fin de cette parabole, les responsables religieux de son époque prononçaient de belles paroles, mais leur cœur n'était pas droit vis-à-vis de Dieu, et ils ne lui obéissaient pas. Inversement, bien des personnes de mauvaise vie avaient du remords, se repentaient de leurs péchés et venaient à Jésus pour être pardonnées.

Ce texte s'adresse aussi à nous aujourd'hui. Dieu n'attend pas de nous de belles paroles ou de bonnes résolutions, mais un regard honnête sur notre vie, nos fautes et notre indépendance vis-à-vis de Dieu. La confession de nos fautes et le jugement porté sur notre état de pécheur doivent nous conduire à changer de direction et à nous tourner vers Dieu pour accepter le salut qu'il offre par la foi en Jésus Christ. C'est cela la conversion.

Chaque chrétien peut aussi trouver dans ce texte un rappel à être fidèle à son Seigneur et Maître, et à ne pas hésiter à corriger son attitude s'il a fait fausse route.